## Карточка№ 1

**Гьал предложениязулъ прилагательноялъул къокъаб форма бихьизабе. Суал лъе. Маг1на бицун, баян кье.**

2.Вабабай, ле, г1олил яс,
Г1акдал нахул к1аркьаби,
Чурич1ого гьумер хъах1,
Хъвач1ого кьунсрул берцин. (С.Х1.М.)

3.Баг1ар кьурда кьер ч1ваяй,
Кьелародай мун дие? (С.Х1.М.)

4.Гьанже кинабго квен – т1ех ва рет1ел - хьит хира буго.

5.Тохтурас унтарав херав сах гьавуна.

## Карточка№ 2

**Гьал прилагательноял гъорлъе ккезарун, предложениял ургъе. Кинал прилагательноял гьел кколел? Кин лъугьун ругел?**

Баг1а-баг1араб, ц1акъа-ц1акъаб, ч1ег1ерк1к1убаб, тамахккараб, чар -чараб, г1урччинкьераб, ц1амх1алаб, лах1ч1ег1ераб, г1азухъах1аб, билбаг1араб, ц1иркъчараб, кант1огьилаб, ц1охъах1аб, к1игъатаб, щут1алаяб, к1ибагьаяб

## Карточка№ 3

**Союзазул тайпа бихьизабе. Хъвай.**

1. Бергьаниги къуниги къимат дур хисуларо,
Хисич1ого хут1ани рек1елъ ях1ги намусги. ( М. А. П.)
2. Раг1и учузлъанаг1ан, чед хиралъулеб буго,
Хабар халалъанаг1ан, халкъ мискинлъулеб буго. (М.А.П)
3. Лагъ г1адин х1алт1е, хан г1адин кванай. (Х.К)

## Карточка№ 4

**Союзазул тайпа бихьизабе. Хъвай.**

1. Херги бижун буго, т1егьги бан буго,
Т1огьол байдан буго – мун аск1ой гьч1о.
2. Рак1алдаго гьеч1ого, лъугьана цо г1аламат -
Г1арщалдасан кинигин решт1ун ч1ана мун цее.(М.З.Г1.)
3. Муил раг1аби раг1арав Мах1муд х1алхисун ва сабру т1аг1ун лъугьуна.

## Карточка№ 5

**Маг1наялде балагьун, сок1к1иналъул союзазул т1елал х1убал гьарун хъвай. Предложениял ургъун, маг1на бице.**

Жеги, ва, ги, гьединго, цинги, бук1а, я, ялъуни, яги, гурони, амма.

## Карточка№ 6

**Скобкабазда жаниса маг1на дандекколеб союз босун, предложениял хъвай. Лъалхъул ишараби лъе.**

1.Гьанжесеб г1олохъанаб г1елалъе данде кколаро х1алт1и (ги, гьединго, ва, амма) бокьуларо зах1мат.

2.(Амма, цинги, гьединлъидал) зах1маталъ г1адан лъадарула (ялъуни, ги, цинги, ва) чорхол лъик1аб т1абиг1ат лъугьинабула.

3.Зах1маталъ (киниги, г1адин, г1ан) нилъер черх лъадаруларо.

4.Ц1алдохъаби ц1олбол ахикь лъик1 х1алт1ула (щай абуни, жеги, гьединлъидал) ахицаги лъик1аб ц1олбодалъун жаваб гьабула.

## Карточка№ 7

**Гьал хадурег1елал гъорлъе ккезарун, предложениял ургъе ва хъвай.**

Т1ад, нахъа, цебе, аск1об, гъоркь, жаниб, хадуб, къват1иб, г1агарда, рик1к1ада, хьолбохъ, г1оло, х1акъалъулъ, -ккун, -ч1ван, - гъун, -хун, -гун,-лъун, сверухъ, г1ебеде, рик1к1ад, г1одобе.

## Карточка№ 8

**Гьал раг1абазулъ аслиял ва кумекалъулал бут1аби рихьизаре.**

Гьабигьанасул, чанахъанас, лъик1лъиялъухъ, хъухъадироялъ, гьит1ичил, имг1аласухъе, х1аракатчилъиялъ, коцокълъиялъул, питначияс, хвелалъ, эбелалъул, релъеналъ, ясик1оялъе, зах1матчиясухъе, гьокочигун.

## Карточка№ 9

**Лъугьинарурал ва лъугьинарич1ел раг1аби, к1иго х1уби гьабун, хъвай. Суффиксазда гъоркь х1учч ц1ай. Кин лъугьун ругел?**

Куц, оцх1ут1, квер, ц1урачед, т1емет1ибаг1ар, квердаххел, кверг1ат1илъи, чехьат1аде, т1егь, оц, к1ал, бер, дун, яс, берцинлъи, ресукълъи, михъ, лъабг1ин, михъич, гьот1орк1о, гъвет1, ц1оросаролъ, баг1араб, г1еч, хъухъанчед, зах1матруччаби, маг1у, лъабг1ин, коцокь.

## Карточка№ 10

**Гьал рагlул бутlабазул рагlаби лъугьинаре. Гьел рагlаби гьорлъе ккезарун, предложениял гlуцlе ва хъвай.**

Носо, хlами, хlори, лъи, ро, ел, би, заби, ал, хlутl, хинкl, гьоло, рахь, тlалаяб, хlалаб, гlин, сагlат, чед, махlав, хъан, зал, ял, гьаби, квен, тlере, лахl, барща, кlутl, къоркъо, цебе, чlегlер, бил, бецl, лахl.

## Карточка№ 11

**Гьал рагlабазул цолъул формаялъул хаслъул падеж ва гlемерлъул формаялъул аслияб падеж лъугьинабун, кlиго хlуби гьабун хъвай. Хисариязе баян кье.**

Хъумур, цlумур, тlамур, кlамури, чlабар, хабар, тlагъур, чlимих, гамущ, габур, къалам, кагъат, тlимугъ, хъабахъ, гьобо, чан, чlимичl, гьоло, гамачl, кьибил, хьибил, гьобол, габур, кули, эмен, чи, чlужу, сибил, чlар, гьобо.

## Карточка№ 12

**Суффиксазул кумекалдалъун бажараралгlан цlиял рагlаби лъугьинаре. Хиса-басиязе баян кье.**

Бечед, хlаракат, къварид, гlатlид, захlмат, рахlат, ах, хlикмат, рехьед, хlалкlвей, мискин, хlалакъ, чlамучl, хlерен, рухl, рохь, хур, куц, яс, вац, яц, квеш, лъикl, хъухъади, сихlру.

## Карточка№ 13

**Рагlаби ва рагlабазул дандраял ратlа гьарун, кlиго хlуби гьабун хъвай. Предложениял ургъе.**

Росу, инсул гlакъилаб рагlи, эбелалъул калам, яцалъ, вацасул хlалтlи, мегlер, рохьил пихъ, лъабабилеб курсалъул студент, Нажмудин вуссана, росдал жамагlат, свак лъаларей хlалтlухъан, Расулил кучlдул, бече, гохl, ицц, хlорихъе, лъикlаб хабар, берцинаб тlегь, цlорораб лъим, рохел, рогьел.

## Карточка№ 14

**Аслияб рагlухъ балагьун, рагlабазул дандраязул тайпа бихьизабун хъвай. Цо-цо предложение ургъе ва хъвай.**

1.а) Цlороберал разе, цlар ахlизе, вас вачlине, яс росасе кьезе, кечl рикlкlине, рокъове ине, цlул бичlизе, гьан къотlизе, дарс бичlчlизе.

б) Хlалтlизе вачине, кваназе тlамизе, цlализе вачlине, лъухьизе лъугьине, хlинцго бачине, цудунго ворчlизе, хехго векеризе, чlухlун хьвадизе, велъулаго кlалъазе, чlамулаго вачlине, гlодилаго бицине, векерун ине, ракlчlун бицине, бетlерсверун лъугьине, намусго кlалъазе;

## Карточка№ 15

**Гьал раг1аби аслияллъун ккезарун, раг1абазул дандраял г1уц1е. Г1уц1арал раг1абазул дандраяздасан предложениял ургъун хъвай.**

Самолет, ручка, х1алт1ула, вач1ана, гьайбатав, нек1сияб, кинавалиго, мун, ункъабго, щуабилеб, баянаб, вуссинч1ев, бихьизе, г1едерай, гьаракь.

## Карточка№ 16

**Гьал коч1ол мухъазулъ раг1абазул дандраял рате, рат1а росун хъвай. Гьезул тайпабазе баян кье.**

1. Дун вакъунги вуго,
   Къечонги вуго,
   Нужергун рокьуде
   Рег1унги гьеч1о;
   Дие х1алги буго,
   Х1инкъиги буго,
   Къваридаб рек1еде
   Нак1к1ги лъун буго! (Г1.М.К.)

## Карточка№ 17

**Раг1абазул дандраяздалъун предложениял т1уразаре.**

1. Эбелги ясги сон….
2. Жакъа нижер боц1и…
3. Метер школалда…
4. Гъосул к1удияв вац…
5. Ах1мадги Х1усенги рохьоре…
6. Г1ухьби исана…
7. Къурбанкъоялде инсуца…

## Карточка№ 18

**Гьал Ц1адаса Х1амзатил асаразулъа хабарият, суалият, т1алабият ва ах1ул предложенияял, лъалхъул ишарабиги лъун, хъвай.**

1. Саламалда хадур хъваян абурал
   Эбелалъул руго дагьал раг1аби
2. Дудаса бахъараб хъалг1аги гурищ,
   Хъван цо кагъатг1аги кин бит1улареб
3. Микьго-ич1го моц1алъ ургьив лъедалищ,
   Алъул рак1 кьвагьизе къват1ив ч1ун вугев

## Карточка№ 19

**Гьал предложениязулъ омонималлъун кколел раг1аби рате. Гьезул дандеяблъун кколеб омонималъе предложение ургъе ва хъвай.**

1. Къурбаналъе г1иялъажо хъвезе, инсуца нус лъик1 рек1инабуна.
2. Хъвараб куйдаса т1ехьги бахъун, инсуца гьелде г1емераб ц1ам щвана.
3. Мач1уялда спичкаги хъинт1ун, вехьас ц1улада ц1а рек1инабуна.
4. Нухкъосун ккарал гьалмагъзабаз моц1рол канлъухъе рохьоса къват1ибе нух бахъана.

## Карточка№ 20

**. Гьал предложениязулъ синонимиял раг1аби ратун, гьезде дандекколел синонимазе предложениял ургъе ва хъвай.**

1. Сон маг1арде г1игун арал г1ияхъабазул цояв т1адвуссинч1о.
2. Зах1мат бихьич1ого рах1ат бокьарас

Бекьич1ого лъилъе нилъ гьеч1ого хур (И.Г1.)

3. Гьаб шагьраккун къасиги къадги ц1акъ г1емераб машина хьвадула.
4. Исана г1иядаса ц1ик1к1ун т1инч1 бахъаралъухъ, колхозалъ жив-жив вехьасул хъизаналъе телевизор сайгъат гьабуна.

## Карточка№ 21

**Гьал раг1абазе антонимал рате. Жиб-жиб раг1уе цо-цо предложение ургъун хъвай.**

Зоб, рагъ, борхатаб, х1инцго, рокьи, гьаб, ана, хадуб, лъик1го, ч1ах1иял, бихьинал, гьит1инаб, буго, хинлъана, т1ад, раг1ал, ц1одорав, г1емераб, хъах1аб, берцинаб, кьарияб, жаниб, рокъоб, рии, биччараб, бакъвай.

## Карточка№ 22

**Гьал предложениязулъ антонималлъун кколел раг1аби рате. Гьезул щибалъул дандекколеб антонималъе предложение ургъе.**

1. Дуе йокьарай г1оларила, долъие мунги вокьизе кколилан абула Мах1мудица гьединаб жоялде. (Г1.М.ХЪ.)
2. Мах1мудица ч1ужуг1адан бичун босизе х1айван гурилан абула. (Г1.М.ХЪ.)
3. Гьелда божизеяли зах1мат буго, дур бет1ер ч1ахъад, диналдаса вуссарав вас гуро нижер Мах1муд. (Г1.М.ХЪ.).

## Карточка№ 23

**Гьал глаголазул глаголиял ц1арал лъугьинарун хъвай.**

Кьват1изе, кьижизе, семизе, рехизе, бук1ине, белъизе, къосине, т1аг1ине, квачазе, биччазе, к1алъазе, х1азе, к1везе, т1егьазе, гьорозе, сасине, к1ич1изе, ч1ег1ерлъизе, гьоц1олъизе, хъвазе, къечезе, к1ет1езе, ч1ехьезе, ц1ц1узе, ссузе, седезе, белъине, пузе, тузе, ине, бач1ине, кьолозе, к1к1вазе, бук1к1ине.

## Карточка№ 24

**Хадусел предложениязулъ глаголиял ц1арал рате ва гьезие баян кье.**

1.Васас гьабураб х1алт1и инсуца ц1акъ беццана.

2.Лъимал ясли-ахалда жинди-жиндир х1алт1и гьабулел рук1ана.

3.Асх1абг1али учительлъун х1алт1и росдаего рек1ее г1уна.

4.Лъабкъоялда анц1иде вахиндал г1адан херлъи г1ажаибаб жо гуро.

## Карточка№ 25

**Гьал коч1ол мухъазулъ х1алал рате, суалал лъе, тайпа бице.**

1. Харида щуб г1адин щущан дунги тун,
Щолищ дуда макьу, вокьарав гьудул?
Кьалул бусен т1амун, кьурулъ г1одов ч1ун,
Г1акълу биххарай дир хал гьабиларищ? (С.Х1.М.)

2. Борхатаб кьурулъе кьоялги лъоге,
Дурго кьолболъ вук1а, кьурарав месед.
Кьолареб бак1алде чиги вит1уге,
Дурго къадру ц1уне, къоролалъул вас. (С.Х1.М.)

## Карточка№ 26

**Гьал предложениязулъ х1аллъун щиб ккун бугеб: раг1ийищ, раг1абазул дандрайищ, предложениейищ? Х1алазул тайпа бице.**

1. Нижер росу ц1акъ рик1к1ада буго.
2. Салих1ат саг1ат ункъоялда яхъана, г1ака беч1ч1ана, лъел ц1уна.
3. Х1ажимурадица бажарараб куцалда инсуе кумек гьабуна гамач1 бахъизе.
4. Эбелалъ Алжанатие тамих1 гьабуна, рокъое кват1ун яч1индал.

## Карточка№ 27

**Гьал раг1аби гъорлъе ккезарун, предложениял ургъе ва хъвай. Кинал мац1аздаса гьел раг1аби рач1арал?**

- Тавбу, дин, мунагь, х1алал, х1арам, имам, капураб, суннат, дуг1а, мажгит, зиярат, садакъа, къуват, къадар, гъалат1, сабру, х1укумат;
- Къасабчи, чапар, гъалайчи, тукенчи, юргъан, долма, хъабахъ, бахча, авлахъ, улка, учузаб;
- Булбул, жанавар, гамущ, хурма, паст1ан, тушман, пардав, чайдан, туманк1;
- Агроном, шляпа, дача, завод, милиция, суд, методист, орден, собрание, тетрадь, химия, каникулал, учитель, школа, экзамен, костюм, холодильник, самолет, грипп, укол, каша, стакан, физика.

## Карточка№ 28

**Гьал предложениязулъ ругел гъалат1ал рит1изаре, лъалхъул ишараби лъе.**

Г1ашура яч1уна ч1алица бухьараб кагътазул гуриги босун дица г1адлу гьабулелъул дуца хвезабич1ебани гьалде ккелароан иш г1ашура щибулейха ай йик1инарей дидаса балъго васасе квен кьоларого кеч1 теч1они квен кьогеян лъазабун бук1инч1ищ дица дуда вай аллагьасеги аварагасеги г1оло рух1уге рух1г1ан васасе хирияв кагътал дуе талих1ги алжанги кьеги те бекизабуге дир васасул гьадингоги бохич1еб рак1 г1адаллъуге мух1амад рух1уге вас ч1ваялда бащадаб жо буго дуца гьабулеб ле сулайманил вас мух1амад дур иш гуреб жоялде гъорлъе лъугьунге рух1изе те теларо дибир теч1они тезе гьабизеха гьанир г1олохъаби ругел вахъая г1али.

## Карточка№ 29

**Гьал раг1аби цо мухъидаса цоги мухъиде росулеб къаг1идаялда, гьоркьоб дефис лъун, хьвай, баян кье. Цо-цо предложение ургъе.**

Сабру, т1икъва, язайизе, якьад, юргъан, юччине, юссине, юц1ц1инайизе, эбелхвад, эбел, иях1, ана, масъала, бакъвазабизе, раххан, иццухъан, босея, рилълъинберцин, руккалилъан, рук1к1ана, коммунизмалъул, кассаялдаса, реч1ч1ухъан, еч1ч1арухъан, муъминчи, къвал, Москваялде.

## Карточка№30

**Гьал предложениязулъ гъалат1ал рит1изаре.**

1.Саг1ат лъийаб батаги, Марин – ункъачо, бичас биччани, мун кийе йахъарай? (Г1.М.ХЪ.)

2.Кьижаниги ёрч1аниги бат1алъи щиб гьелъийе, къват1ийе йахъине бегьуларелъул.

3.Дуйеги ёкьаха цох1о г1адан. Дийени ёкьюлин цох1о Сата, щибха элъул ккараб? (Г1.М.К.)

4.Дуйе талих1 кьэги, вацг1ал, г1адалал жал рицунгэ! Г1адамазг1аги щибилан дуда абилеб – дунйялалдаго берцинав чийас росулъго сурукъай йас йачанилан раг1ани?! Бищунго лъик1ай йас йачун йигилан абиля. (Г1.М.К.)

5.Лъадилъун ёкьарай дир цоги йиго. (Г1.М.К.)

## Карточка№ 31

**Гьал раг1абиги предложениялълъун ккезарун, г1исиналго диалогал г1уц1е.**

У, гуро, узухъда, рак1ч1араб жо, гьайгьай, уйищха, гурищ, унгойищха, батиларо, удай, гьайлазат, вабабай-вададай, огь баркаман, валлагь-таллагь, жея, ччит, вореха, х1а, вай дир гъарин, вах1, огь, йохъ, Аллагьасх1а, гуро ле, вай, дир месед, уха, гьединха, т1аг1а цебеса, вах1 ле.

## Карточка№ 32

**Гьал рукъалъул ва г1алхул х1айваназул, х1анч1азул, х1ут1-хъумуралъул, ччуг1бузул, т1егь-хералъул ц1аралги гъорлъе ккезарун, предложениял ургъе. Гьел ц1арал г1урус мац1алде руссинаре.**

Бакьуч, гвангва, бац1, жайран, г1ужрукъ, г1анк1, хъабан, цакьу, гъалбац1, г1унк1к1, нухраг1унк1к1, рит1уч1, пил, г1анхвара, бис, куй, варани, оц, тайи, ябучу, ц1ц1е, дег1ен, г1ач1ар, таращ, гургур, къадако, ч1ег1ергъеду, г1анса, ц1ухъаз, гъот1орк1о, къункъра, ц1ум, бихьинордек, гагу, мокъокъ, х1анкъва, т1авус, ч1ороло, лачен, булбул, чаргъедо.

## Карточка№ 33

**Тайпа цоял членал рате. Предложениялъул кинаб членлъун гьел ккун ругел? Падеж, форма бице.**

1. Мух1амад, Х1ажияв, Сайгид, Иляс метер чанаре рахъине туманк1-къайи х1адурулел ругоан.

2. Командирас аскариязул фамилия, ц1ар, инсул ц1ар, росу-ракь, миллат ц1ехана.

3. Гьунсаги йилълъана т1аса рокъое –
Дандего гвангъана бакъ г1арцул ярагъ. (С.Х1.М.)

4. Мац1 лъаларев ц1огьор хваги,
Ц1ар лъаларев тушман хваги.(С.Х1.М.)

## Карточка№ 34

**Союзалгун ругел тайпа цоял членал рате. Союзазул группа бице.**

1. Сардида хадуб къоги, къварилъиялда хадуб рохелги камуларо.

2.Г1умруги г1акълуги камиллъизе ккани, рек1елъ Аллагьги Аллагьасде божиги бук1ине ккола.(М.А.П.).

3. Шаг1ирас бецазе beралги г1инкъазе г1ундулги кьола.(М.А.П.).

4. Г1емерал жугьаби жанир каранда роржана, рортана, ана, лъуг1ана, лъуг1улебго гьеч1о г1ажаибаб кеч1: «Г1азу балеб буго дир керемалде». (М.А.П.).

## Карточка№ 35

**Гьал предложениязулъ тайпа цоял членал рате, лъалхъул ишараби лъе.**

1. Гьаб расалъиялда хвалчадул чвархъиги чуязул т1варкъиги ч1оразул зут1иги т1аса босараб мех бук1ун гьеч1о. (З.Х1.)

2. Гьелъие нуг1лъи гьабулеб буго гьанир рорхун рук1арал ва гьанже ч1унтун т1ат1ала ккун ругел рик1к1ен г1емерал сияз хъулбуз щулалъабаз ва хандакъаз. (З.Х1.)

3. Пачаясул рагъухъабаз жигар бахъун буго хвалчадалъунги ц1адудалъунги гьаб т1алъиялде нух бахъизе маг1арурал мут1иг1 гьаризе ханзаби наибзаби ричун росизе. (З.Х1.)

## Карточка№ 36

**Гьал г1амлъул раг1абиги гъорлъе ккезарун, к1и-к1и предложение ургъе ва хъвай. Лъалхъул ишарабазе баян кье.**

Кидаго, кибго, киналго, кисаго, кирего, щивниги, кибниги, киса-кибего, гьеб къаг1идаялда, киданиги, кидаялиго, цо чанго нухалъ, гьанже.

## Карточка№ 37

**Г1амлъул раг1аби рихьизаре, лъалхъул ишараби лъе.**

1. Мах1мудил инсуца жиндирго г1и-боц1и киданиги я ихдал я риидал я хасало маг1арде бачунаро.

2. Циндаго рокъоб жаниса киналго лъималги руччабиги бихьиналги жеги херал чаг1игицин рельанхъулеб гьаракь раг1ана.

3. Азбаралдаги рагъидаги рокъоб жанибги киса-кибего ц1оросаролъил мугь щущан бугоан.

4. Дагъистаналъул чанго бак1алда Гъуниб Хьаргабиб Ахтиялда Ч1ик1аб К1ик1униб лъел электростанциял ран ругьунав х1албихьи бугев инженерас цоги ГЭС базе т1аде босана.

## Карточка№ 38

**Обращениял рате. Гьезул тайпа бице. Обращениелъун кинаб каламалъул бут1а ккун бугеб? Тетрадазда хъвай, лъалхъул ишарабиги лъун.**

1.Огь Хъах1абросулъа г1ишкъул коч1охъан
Дур каранзул бух1и босана дица. (Р.Х1.).
2.Хариде щуб г1адин щущан дунги тун

Щолищ дуда макьу вокьарав гьудул
Ч1ег1ераб ракьалда лъезе ругелъул
Лъуни щиб хазина гьеч1ел бугьтаби.(С.Х1.М.)
3.Дир ургьиб гьинал рак1 гьалулеб бугин
Васав дур кин бугеб кереналъул х1ал. (С.Х1.М.)

## Карточка№ 39

**Гьоркьор ккарал раг1аби рате. Лъалхъул ишараби лъун, тетрадазда хъвай. Гьоркьор ккарал раг1абазул маг1на бице.**

1.Аби буго бах1араб тутидул гъвет1 къот1ани чи холилан ялъуни балагь бач1улилан. (Б.)

2.Дуниялги сверун колоде щвараб бац1ида талих1алъ гьенив г1адан-чи вихьуларо.

3.Лъик1ай х1еренай Аллагьасукьа х1инкъулей лъадиги иман рек1елъ бугел лъималги ругев Узунх1ажида талих1алъ къвалбан бугилан кколаан.

4.Къаси кваназеги кванан Юсуп жиндир г1адат батухъе х1ул-х1улараб хъабчилъ гьаст1а гьапуллъун ккана. (М.Х.С.)

## Карточка№ 40

**Г1адатал предложениязул тайпаби рице: суалиял, ах1ул, хабариял, т1алабиял.**

1. «Нужеца нужго хвасар гьаре жужах1алъул ц1аялдаса, бащдаб чамасдакниги садакъадеги кьун». (М.Г1.Н.).

2.Ихдалил къоязул кунч1и сунареб
Сайигъат лъугьана дие авар мац1,
Инсуца абуна гьеб мац1 лъаларев
Нилъер муг1руз къабул гьавуларилан. (Н.Г1.Д.).
3.Хирияв муг1алим, кинал раг1аби
Ралагьилел дуе баркала кьезе?
Бакараб кан г1адин г1умрудул нухда
Дие мун г1акъилльун хут1ана даим. (Н.Г1.Д.).
4.Щолареб жо буго араб нахъ буссун,
Адаб ракьалдаго ц1уне улбузул! (С.ГЬ.А.)

## Карточка№ 41

**Гьал предложениязда гъорлъ рат1алъизарурал определениял, цадахълъелал, х1алал, дополнениял рате. Гьезие баян кье. Суал лъе.**

1.К1иго раг1и кьуна вокьулес дихъе,
Цояб меседилаб, цояб г1арцулаб. (С.Х1.М.)
2.Г1урул раг1алдаса лъим босулеб х1инч1,
Лъидаго лъач1ого балъго те рокьи. (С.Х1.М.).
3.Мун росулъ вугеб къо – билбаг1араб къо,
Баг1ар меседалъул росу ц1ураб къо.
Мун росулъ гьеч1еб къо – лах1ч1ег1ераб къо,
Ч1ег1ерал бераца маг1у т1олеб къо. (С.Х1.М.)

## Карточка№ 42

**Рат1алъизарурал т1ирит1арал подлежащеял, сказуемоял, определениял, дополнениял, х1алал, цадахълъелал рате. Гьезул бит1унхъваялъе баян кье. Лъалхъул ишараби лъун, тетрадазда хъвай.**

1. Дун вуго Исмаг1ил Мала-Мух1амад
Макьилъ вихьаниги рехьед х1инкъулев.
Х1айван рик1к1ун рикьи кьезе шарт1алда
Жамаг1ат разилъун рохьдода тарав. (Ц1.Х1.А.)
2.Исмаг1илил ваг1за г1адахъ босич1ел
Г1емерал х1айванал х1урудахъ ана.
Эсул раг1иялде г1амал гьабич1еб
Гьит1иновил г1ака т1омода лъуна. (Ц1.Х1.А.)

3.Г1исаца школалъул директорас Сурхайги Муслиматги Разияги ц1алул отличникал кидаго рецц1улаан.

## Карточка№ 43

**Чияр калам бате. Гьеб бициналъул къаг1идабазе баян кье.**

1.Бицанихъе, Рихьунив мутаг1иллъун вугеб мехалъ Шамил, эхедеги к1анц1ун, мажгиталъул мокърукь бугеб рахиялда далун ч1олаанила.

2.Гьединав, тирилъи – лебаллъи бугев, къуватав вас вук1ун вуго Шамил.

3.Шамил имамасул васият бук1ун буго: « Дир маг1арулал! Рокье нужее г1иц1ал кьураби! Мукъсанаб бук1а абе гьездасан щолеб ниг1мат. Амма гьел кьураби гьеч1ого, гьеч1еб эркенлъи мискинал маг1арулазе. Кьеркье гьезие г1оло!».

4.Директорас бицана ц1ияб ц1алул соналде лъик1аб х1адурлъиялъул х1акъалъулъ.

## Карточка№ 44

**Г1абасил Мух1амадил « Камалил Башир» абураб пьесаялдаса гьал предложениял, лъалхъул ишараби лъун, тетрадазда хъвай. Каламалъул тайпа бице.**

1.Камалица угьун биччана цо гурого гьеч1ев дир вас Башир

2.Вихьизег1аги виччай Камал нижеда Башир ян гьардана Камалида руччаби.

3.Расги х1инкъуге дир вас Камал ян абуна Занки к1удица мунагь кколарев г1адан вук1унарев, г1адамазда т1аса лъугьунарев Аллагь вук1унарев.

4.Занки х1инкъиги рокьиги – гьуриги ц1аги…Гьури пунаг1ан ц1а гьалаглъула, х1инкъи ц1ик1к1анаг1ан г1ишкъу гьалаглъула

руччабазухъ Аллагьасул щиналдаса х1инкъун вуго дун Занки к1уди.

## Карточка№ 45

**Цитатал рате, лъалхъул ишараби лъе. Тетрадазда хъвай.**

1.Щ1адаса Х1амзатица хъвалеб буго росу тун къват1иве арав, эбел-инсуда хабар лъазе толарев васасде

Дудаса бахъараб хъалг1аги гурищ,
Хъван цо кагъатг1аги кин бит1улареб
К1иго-лъабго соналъ керен кьедалищ
Кьаллъун вугев лачен чохьол эбелгун
Микьго-ич1го моц1алъ ургьив лъедалищ
Алъул рак1 кьвагьизе къват1ив ч1ун вугев

2.Гьудуласде Х1амзатица хъвараб гьит1инабго кагъаталда нилъеда ратула гьадинал раг1аби

Дуде буго Г1али г1емераб салам
Г1одоб бортилалде т1аргъа кквe базе
Унтарав-шокъавги, хварав-г1уравги
Хунзахъ шагьаралда чи камуларо
Ригьнаде аралги, риччан таралги
Руччабиги ратла таманал гьанир.

## Карточка№ 46

**Рекъонккарал ва рекъонккеч1ел определениял рате, суалал лъе ва баян кье.**

1.Гьедиг1ан инжитго данде гьабураб
Дунялалъул боц1и бакьанго гуро. (Ц1.Х1.А.).

2.Поэтас хъубаб бечелъиялде данде ккун, рак1 ч1ух1ун, т1аса бищулеб буго хиянат гьорлъ гьеч1еб, бац1ц1адаб мискинлъи.

3.Ролъул хур кванарал ганщал жалго тун,
Гугьунбачал руго рачун жанир гьун. (Ц1.Х1.А.)

4.Дицани г1адамасул г1амал-т1абиг1ат ц1ала,
Щ1ик1к1ун г1елму бергьарав бах1арчийилан тола. (Ц1.Х1.А.).

## Карточка№ 47

**Гьал раг1аби г1аммал хасаллъун ва хасал г1аммаллъун ккезарун, к1и-к1и предложение ургъун хъвай. Гьезул хасиятал рице.**

Гьит1инай, дибир, Даци, къебед, багьадур, чаран, Гьалбац1, чамасдак, Чакар, гьит1инав, бах1арай, Г1арцулай, Булбул, манарша, х1аким, Чанахъан, дада, Ч1ег1ерав, Камил, берцинай, Х1урулг1ин, будун, Х1ажи, тату, Х1адис, г1акъилав, гьайбат.

## Карточка№ 48

**Гъалат1ал рит1изарун хъвай, баян кье.**

Йекерана, йач1ана, ёхана, ёрч1ана, йарагъ, йасбер, йиччана, йасик1о, йортана, йац, йакьад, йургъан, йуц1ц1ана, йах1, йэзди, ёржарухъан, йекьарухъан, ёрч1ана, ессарана, йубка, йелъанхъана, йатана, йехъэрхъана, йищари, йух1и, ёргъачу, ёртанхъи, йуц1ц1ин, йазихъай, якъут, йахчари, йацлъи, йах1-намус, йащадай, йух1и, йукъи, ёхьари, йиччизаюна, йорта-хъетизайуна, ёрт-ёртун инайуна, йорхатай, йецаризайуна, вэгизе айан абуна, йацалъухъе инайан йекэрана.

## Карточка№ 49

**Гъалат1ал рате, рит1изарун тетрадазда хъвай. Гъалат1азе баян кье.**

1.Жинда т1ад къарал масалаби Х1акимица рак1бац1адго т1уразаруна.

2.Къураналъул аятаздаги Аварагасул х1адисаздаги рак1ч1ун хьвадани, г1умруялда жанир гъалат1ал дагьал ккола.

3.Яцалъ малъараб гьабун, Узлипатги Муминатги Педагогикияб университеталде ц1ализе лъугьана.

4.Вабаъалъул унтуца унтарав чи сах гьавизе ц1акъ зах1мат бук1уна.

## Карточка№ 50

**Предложениял хъвай. Гьезул тайпа ва союзазул группа бихьизабе.**

1.Кули-ракь ц1унулеб цо гьойги, х1алт1уца гьод х1улараб цо х1амаги, дагьалго г1анк1уялги рук1ана Г1абдулмажидил.

2.Мух1амадица г1умру гьабулеб бук1ана борхатаб кьурул ракьанда бараб гьит1инабго рокъоб.

3.Балугълъиялде яханаг1ан Гьайбат берцинлъулей ва ц1убалей йик1ана.

4.Алжанат лъугьанила бицун х1ал к1олареб берцинлъиялъул г1аданлъун, амма гьелъул г1орхъулъа араб гьайбатлъиялъ инсул рек1елъе х1инкъи т1амунила.

## Карточка№ 51

**Гьаб тексталъулъ предметиял ц1арал ва ц1арубак1ал рате, гьезул падеж бихьизабе.**

Ахираб сапаралъ вахъине заман щун бук1ин бич1ч1арав инсуца ах1анила вас аск1ове ва гьесде гьабунила гьадинаб васият:

- Г1енекке, дир вас, дир г1умру раг1алде бак1арун буго. Эбел-инсухъе ине заман щун буго. Мун мунго хут1улев вуго. Г1адамазул берзукьа вортич1ого вук1ине, дуца т1убазабе дир васигат. К1оченч1ого бук1ине, дида цебе кагътида хъвай гьадин: дунги вукъун, хадуб-цебе жоги гьабун, маг1ишаталъул т1алабалде вай, цониги чиясе дуца саламги кьоге, щибаб къоялъ ц1иял гурони чакмабиги рет1унге, хурибги ахикьги ракьги балъаргъе, х1алалда тоге, г1инкъай, бецай ва мац1 лъаларей гурони ч1ужуги ячунге,- ян. Васас раг1и кьунила инсул васигат т1убазе. Амма инсуда гьикъич1ила гьелъул маг1на щибилан. Г1акъиласул вас вугелъул, гьесда гьелъул маг1на лъалеб батилилан инсуцаги танила. (М.И.)

## Карточка№ 52

**Гьал раг1аби падежазде свериялъул тайпа бихьизабе. Аслиял падежазде сверизаре.**

Имг1ал, гьудул, мег1ер, Х1ажияв, Салман, Мусаева, Ах1мадова, якьад, лъимал, маг1арулав, хьиндалай, гъвет1, ч1ужу, ясал, вокьулев, йокьулей, бет1ер, хур, бече, къебед, Къебед, чамасдак, Чамасдак, габур, вехь, осетинав, черкесай, Г1айнаъ, Къуръан, х1адис, Х1адис, васигат, къверкъ, къункъра, чу, къалам, ручка, газет, х1арп, гьаракь, мох1осев, пири, пер, гьан, маг1арулав.

## Карточка№ 53

**Журарал нахърилълъарал предложениял рихьизаре, лъалхъул ишараби лъе. Баян кье.**

1.Декабрь моц1алда ц1акъ кутакаб грипп-унти багъарун бук1ана гьединлъидал ц1алул идараби х1алт1улел рук1инч1о.

2.Эбел-эмен шагьаралдаса руссана гьебмехалъ лъимал азбаралъуре данде рекерана.

3.Г1адатав чиясе рагъ бокьуларо, рекъел бокьула гьелъие г1оло гьес рекъел т1аса бищула.

4.Къаси г1ухьби маг1арда хут1ана щай абуни г1и къинлъизе байбихьана.

5.Вац къасиго росулъе т1адвуссана щайгурелъул метер рекьи байбихьизе кколаан.

## Карточка№ 54

**Гьал журарал предложениязулъ т1аджурарал предложениял рикьизаре. Предложениялъул кинал членаллъун гьел ккун ругел? Суалал лъе, тетрадазда хъвай.**

1.Яс йокьарасе эбелги йокьизе ккола.

2.Г1емераб мех дунялалда барасда г1емераб жоги лъала.

3.Школа лъик1 лъуг1изабурал лъимал ц1ализе роси рит1ухъаб иш буго.

4.Жиндиего мукаг1ат гьеч1ес чидаеги мукаг1ат гьабуларо.

5.Кодоб махщел бугев кивго г1адада холаро.

6.Киналго лекциял хъвараз жаваб лъик1 кьуна.

7.Жиндие кьураб т1адкъай т1убазе к1унгут1и гьанже лъана Замирида.

## Карточка№ 55

Гьал рик1к1енал, бокьарал предметиял ц1аралгун цадахъ, раг1абаздалъун, хъвай.

15, 17, 23, 29, 290, 177, 159, 227, 333, 479, 419, 498, 555, 505, 599, 609, 667, 777, 759, 797, 888, 8898, 200999, 20, 40, 80, 7000, 90000, 500000, 700000.

## Карточка№ 56

Гьал тарихазул иргадул рик1к1енал лъугьинаре. Цо-цо предложение ургъун, тетрадазда хъвай раг1абаздалъун.

11, 25, 19, 27, 33, 38, 38, 44, 59, 66, 77, 89, 113, 98, 121, 132, 147, 199, 297, 1199, 100, 300, 1000, 3000, 30000, 600000, 900000.

## Карточка№ 57

Гьал бут1адулал рик1к1енал раг1абаздалъун хъвай.

0,5; 0,15; 5,555; 10,5; 159,5; $\frac{1}{2}$; $\frac{3}{5}$; $\frac{5}{10}$; $3\frac{2}{7}$; 100:5=20; 25+255=280; 20-5=15.

## Карточка№ 58

Журарал раг1аби лъугьинарун, предложениял хъвай.

Азарго кьер бугеб, к1иго сон бараб, щуго бок1он бугеб, ич1го т1ала бугеб, лъабго бох бугеб, лъабго гъат бугеб, к1иго рек1араб, лъабго кьер бугеб, к1иго г1аркьел бугеб, анкьго бет1ер бугеб, к1иго нухалъ, азарго нухалъ, лъаб-лъаб нухалъ, анц1го чи цадахъ, щуго чи цадахъ, к1и-к1и нухалъ, к1иго х1ет1е бугеб, лъабго г1ин бугеб, к1иго гьабураб, лъабго гьабураб, ункъго бер бугеб

## Карточка№ 59

Запятаял лъе, лъеялъул къаг1идабазе баян кье.

1.Гьасда цадахъ ц1алулел ункъоял Х1усен Мурад Х1ажи Х1амид рук1ана эбел гьеч1ого эменгун цадахъ г1умру гьабулел васал.

2.Шамилил аскаралда гъорлъ г1урусалгун рагъана маг1арулал даргиял лезгинал чачанал чергесал.

3.Салих1ицаги Шамсудиницаги Сакинатицаги Гуржагьаницаги х1ухьбахъи гьабулеб х1орил доб раг1алдасан раг1улеб бук1ана кеч1ги ах1и-х1урги релъиги.

4.Лъималаздасан эбел-инсуца т1алаб гьабулеб бук1инч1о я г1арац я хъулухъ я квен-т1ех я рет1ел-хьит.

## Карточка№ 60

**Т1аджубараб предложениялъул тайпа бихьизабе, баян кье, кколелъур лъалхъул ишараби лъе.**

1.Риидал бакъуца мугъ бух1араз хасало х1ухьбахъи лъик1 гьабула.

2.Дун вук1ана залалда

Аск1осел г1адамалгун,

Г1агараб маг1арухъа
Дихъе щварал гьалбалгун. (Р.Х1.К.).
3.Г1и-боц1и хьихьун ругьунасда гьезул х1ал лъала.
4.Гьанже ц1алич1ого хут1арал харбал дица хадур ц1алила.
5.Боц1и г1емер бугесе гьелъул хиралъиха.

## Карточка№ 61

Ц1арубак1азул разрядал рихьизаре. Кинаб каламалъул бут1аялъул бак1алда гьел х1алт1изарун ругел? Хъвай, лъалхъул ишараби лъе.

1. Вийгь…г1айиб гьабуге Г1аща - к1одо мунги йихьич1ого цо ургъалида уней ятанин гьантураяй дун. (Г1.М.ХЪ.)

2 .Хурзал ч1аразе ч1ойого щолей х1алт1ухъан къвариг1ун гъов херав тахътахъица цоги ч1ужу ячана.

3.Гьедин абуниги додин абуниги дир яс дида бихьараб бихьич1ого хут1агиян гьарулей йик1а мун. (Г1.М.ХЪ.)

4.Гъовни ах1аниги вач1инароан жал рохараб, живго угьдараб берталъе.

5.Щвеч1о Саг1идиеги Зайнабиеги жидерго х1асраталъул планазул анищазул бицине, гьел – гьал рач1ун гьоркьор къот1ана гьозул пикраби.

## Карточка№ 62

Гьал предложениял чан г1уц1иялъул кколел? Т1ирит1аралищ т1ирит1ич1елищ баян кьун хъвай.

1.Г1инт1аме, ясал!

2. Концерт лъуг1ана.

3. Саг1идил гьалмагъас, т1асаги бахъун, жиндирго пиджак рет1ана Мадинада т1ад.

4.Саг1идги рек1еда ватана.

5.Камилица гьесухъе ц1а гъолеб машина бегьана.

6.Досда г1емераб дуниял бихьана.

## Карточка№ 63

Риххуларел сверелазе баян кье, группа бице. Хъвай.

1.Рукъалъул мискинлъиялъ, квер базе бак1 хун буго. (Ц1.Х1.А.)

2.Дунял – г1аламалда ханлъи гьабизе,

Хвалчен бахъаразул михъал далана. (Ц1.Х1.А.)

3.Налъи холарин абун, би бакъваларин абун, умумузул кициялъ кунел руго г1адамал. (Ц1.Х1.А.)

4.Мун щай ургъаликье ккарав, Замир, гьесул г1арац х1арщг1адин буго, гьеб дида лъимг1адин лъала.

## Карточка№ 64

Цадахълъелал ва гьел руссарал раг1аби рате. Суалал лъе. Предложениялъул кинаб членлъун ккун бугеб?

1.Маршруталъулаб такси «Газель» ч1езабеян квер борхарай г1адан учительница – маг1арулай ятана.

2.Ансалт1аса вас - гьит1инав г1олохъанчи гъачагъазулгун ккараб рагъулъ Рассиялъул бах1арчилъун вахъана.

3.Борхьица – куцквешица нолъ г1анк1уязул рокъоб цо хоно тун батич1о.

4.Палихъаналъул – гьерсихъаналъул хабаралда божула чанги чи.

## Карточка№ 65

Цадахълъелал рате. Лъалхъул ишарабиги лъун хъвай.

1.Каникулазул заманалда муг1рузул школазул лъимал рач1уна Мах1ачхъалаялде Дагъистаналъул тахшагьаралде.

2.Шамилил имамасул эбел йик1ана Бахумеседо бегзабазул тухумалъул г1адан.

3.Гьит1инаб мехалъ г1емер унтулев вук1ун Г1алиян абураб ц1ар Шамилилан эбелалъул вацасул ц1аралде хисун буго.

4.Балагьалда к1очон таги. Дуе Азмарил Г1арбихъание как бан дун сваказе гьеч1о абуна ч1ужуг1аданалъ гьоболасе бет1ерги къулун.

## Карточка№ 66

Подлежащее гьеч1ел предложениял рихьизаре. Цоги кинаб тайпаялъул предложениял гьанир ругел? Тетрадазда хъвай, лъалхъул ишарабиги лъун.

1.Ц1ар хисун хадуб г1емер унтулев вук1арав Шамил сахлъана.

2.Риидалил гьат1ан къоялъул рогьалилъ гьогьомун бук1ана. Ниж к1к1алахъе лъугьана. Гьениб бец1го бугоан.

3.Шагьаралда риидал ц1акъ баг1арун бук1уна. Ралъдахъе ине ккола.

4.Баг1арараб мехалъ маг1арухъ росулъ лъик1 бук1уна. Гьенире ине бегьула.

## Карточка№ 67

Предложениялльун ч1олел раг1аби рихьизаре. Гьезие баян кье.

1.-Цо лъим кье дий, ясай!

- Кьеларо.

-Дуца ц1ураб иццул лъим

Зумзумалъул батила!?

- Гьеч1о! Лъадал багьана батун,

Вас, мун дида к1алъаге! (С.Х1.М.)

## Карточка№ 68

Глаголазул заман бице. Тетрадазда хъвай. Лъалхъул ишараби лъе.

1.Лъабг1ин т1ола г1умруян
Лъабг1ин т1ола г1ищкъуян
Лъабг1ин т1ола кеч1илан
Киналг1аги мун йиго (Р.Х1.К.)

2.Самолетал хъамула хъамула самолетал…
Хъачагъаз летчиказде танчил к1ал бит1ун буго (Р.Х1.К.)

3.Дицаго чорок гьабураб рукъ лъицаха лъухьилеб к1одо? Эбелалъги инсуцаги малъула дида гьедин гьабеян (Ш.КЪ.Ц1.)

4.Шамил лъугьана гугаризе гамач1 рехизе к1анц1изе гьунар бугев васлъун. Эркенго вахунаан гьев анц1ила щуго къого метра борхалъуда бугеб хурмадул гьот1оде (Б.Х1.И.)

## Карточка№ 69

Союзал рате. Морфологияб г1уц1иялъул рахъалъ союзазул группа бихьизабе.

1.Г1ат1идал авлахъазда киг1ан сверданиги, я гозоялде босизе мугьг1анасеб жо, я к1ал биччизабизе лъел т1ири щолеб бук1инч1ила гъарим къункъраялъе.

2.Рохьаз ракь бух1араб бакъалдаса ва ц1орораб гьородаса ц1унула.

3.Харибак1алда къараб г1иял рехъен г1адин, к1иго гох1да гьоркьоб т1епун буго цоцалъ къарал рукъзабазул бакъдасезул росу (М.М.Р.).

4.Кьвагьарал ракетабаз г1адин, пириялъ гвангъун цере лъезаруна ункъбок1онал ракьул т1охалги, ч1едерал къват1алги, азбараздасан раккарал ризаб каралъул бигьаридул гъут1биги. (М.М.Р.)

## Карточка№ 70

Маг1наялде балагьун союзазул тайпа бице.Предложениязда жаниб кинаб хъулухъ гьез т1убалеб бугеб?

1.Гьаб ракьги доб бакъги, даим цоцахъ рокьи ккун, рогьел щвеялъухъ ралагьун рук1унел ратила дандч1вазе анищалда. (М.М.И.)

2.Г1азуги т1ад биун, беччараб ролъ кинигин, боргьун бач1араб хинаб ракьалда кьалбалги ц1илъун, ц1ияб соналъул хер х1алт1изе лъугьана. (М.М.И.)

3.Абурасда берч1вараб мехалъ ясалъул г1анабалъе г1адин, хинаб бакъуца г1агараб ракьул гьумералде рехана намусаб баг1арлъи, берцинаб гогьар.

## Карточка№ 71

Гьал раг1абаздасан наречиял лъугьинаре. Кинал каламалъул бут1абаздасан лъугьинарулел ругел? Журарал наречиял кин лъугьун ругел?

Канлъи, квер, рет1ел, бац1ц1адаб, къо, сордо, рии, кьин, их, хасел, рогьел, макьу, дег1ен, хьибил, т1огь, ригьда, г1уж, щуго, нусго, лъабил, к1иго, мекъаб, г1ебаб, квег1аб, кваранаб, халатаб, божун, барщун, бицун, босун, чурун, чороклъун, къокъаб, ц1ек1лъараб, хъах1лъараб, бач1араб, доб, гьоб, гьагъаб, гьаб, гьадаб, бегун, бит1ун, гьоркь, радал, квешаб, г1ададияб, дваргъи, ц1али, вач1ин, т1ей, г1ей, хвей, ин, киб?, щай?, кида?, кин?, ц1анбит1ун, ч1ванкъот1ун, к1алагъоркье, чехьат1аде, гьабсаг1ат, цонухалъ, гьабнухалъ, т1ат1ала, бакъанида, къобакъинег1ан, к1албиччанкъоялъ, к1алккунмоц1алъ, рада-радал, къаси-къаси, къад-къад, мете-метер, сон-жакъа, т1ад-гьоркь, метер, гьоркь, марк1ач1уда.

## Карточка№ 72

Гьал журарал наречиял кин лъугьун ругел? Предложениял ургъун хъвай. Бит1унхъваялъе баян кье.

Ч1орбит1ун, ц1анбит1ун, ч1ванкъот1ун, гъоркь-т1ад, цебе-нахъа, гьоркьо-гьоркьоб, к1ал-к1ала, мете-метер, к1алагъоркье, чехьат1аде, гьебсаг1ат, гьабсаг1ат, т1ат1ала, т1аде-гъоркье, бакъанида, къобакъинег1ан, къаси-къад, к1алккунмоц1алъ, к1албиччанкъоялъ, рада-радал, къаси-къаси, доба-гьаниб, дагь-дагь, гьанжего-гьанже, къаденахъе, церекъад, нахъа-нахъа, анкьидаса-анкьиде, къойидаса-къойиде, сонбахъанаг1ан, аск1о-аск1об, свера-тирун.

## Карточка№ 73

**Журарал сок1к1арал предложениял рихьизаре, лъалхъул ишараби лъун хъвай.**

1.Т1аде щванила г1олиласе зах1матаб заман лъуг1анила рокъоса квен гьабизе ханжу хут1ич1ила ц1иял чакмабазухъ кьезе кодоб жо.

2.Васас бицана инсуца гьабураб васигаталъул ва гьеб т1убазе жинца кьураб раг1ул.

3.Мадугьалихъ йигей ясалъ дир рукъ бак1ги бак1арула квент1ехги гьабула боц1и панзги къач1ала.